

Konte Lee planifye pwosesis redekoupaj distri Komisyon Konte an

Fort Myers, FL, 7 septanm 2021 - Komisyon Konsèy Komisyonè Konte Lee a te anonse jodi a orè pou reyinyon piblik yo kote kominote a ap ka bay opinyon l sou pwosesis redekoupaj distri a epi lanse yon paj entènèt pou yo ka bay done, kat jeyografik, enfòmasyon ak transparans pandan tout pwosesis la.

Lwa Florid egzije pou chak konte egzamine nesosite pou redekoupaj distri chak 10 zan apre resansman ameriken fin fèt Ozetazini. Se elektè yo ki eli Manm Lee BoCC yo nan tout konte a, men yo asiye yo selon senk distri kote yo abite.

Yo planifye kat reyinyon piblik, ki gen ladan l twa odyans piblik, kòm yon pati nan pwosesis redekoupaj distri a ki se yon pati nan reyinyon yo regilyèman pwograme nan Komisyon Konsèy Komisyonè Konte a, ki kòmanse a 9:30 am nan Old Lee County Courthouse (Ansyen Tribinal Konte Lee a) ki nan 2120 Main St, Fort Myers, FL 33922:

- Madi 5 oktòb - Odyans piblik pou revize kèk opsyon preliminè pou kat jeyografik yo
- Madi 2 novanm - Odyans piblik pou revize kèk opsyon pou kat jeyografik yo
- Madi 16 novanm - Odyans piblik pou adopte nouvo kat jeyografik
- Madi 7 desanm - Atik sou ajanda Komisyon Konsèy Komisyonè Konte Lee a pou sètifye enfòmasyon pou transmèt bay Sekretè Deta Florid la

Ou ka jwenn nouvo paj sit entènèt la nan www.leegov.com/countymanager/redistricting . Nou ankouraje rezidan yo tou pou yo enskri pou bilten Lee County lè yo vizite www.leegov.com epi klike sou ikòn anvlòp la. Sou sit la moun ka resevwa avi pou reyinyon yo ak lyen ajanda ak lòt enfòmasyon. Lè w suiv Lee County Government (Gouvènman Konte Lee a) sou Facebook ou ka jwenn tout dènye mizajou yo tou.

Objektif redekoupaj distri a se reyajiste popilasyon an ant distri komisyon yo pou pa gen okenn distri komisyon ki gen pi plis rezidan endividyèl pase lòt distri yo. Si gen kèk ajisteman ki merite fèt nan fwontyè distri yo, Konte Lee a ka fè chanjman sa yo pandan yon ane chif enpè. Akoz rezilta resansman ki te fèt Ozetazini ane sa a te soti ta, yo pral kondanse pwosesis nòmal ki ta dwe dire 10 mwa yo nan apeprè kat mwa.